



ATANSYON



Sa se yon avi ki di ant 10è pm nan dimanch 4 jiyè 2021 e 3è am nan lendi 5 jiyè, yo va demoli pa enplozyon estrikti vid ki rete kanpe nan Champlain Towers South (8777 Collins Ave.) la.

Ekip Kòmman Inifye te etabli yon "Zòn eksplozyon" (ki parèt anba a an wouj) ak yon Zòn "Refij an plas" (ki parèt anba a an jòn), pou anpeche rezidan ak vizitè vini twò pre sit demolisyon an.

- "Zòn eksplozyon" an konsidere kòm zòn detonasyon an - yon reyon 300-pye alantou sant demolisyon an.
- Nou mande rezidan ki nan Zòn "Refij an Plas" yo rete andedan kay yo soti 7è pm jiska 2 èdtan apre demolisyon an.



Nou ankouraje rezidan yo pou sonje:

1. Pousyè se yon bagay ki inevitab nan tout kalite demolisyon. Kòm yon mezi prekosyon, nou rekòmande ou asire ke tout fenèt, tout pòt ak tout vantilasyon byen fèmen, epi kouvri tout lòt ouvèti ki ta ka pèmèt pousyè antre nan apatman w lan, kay ou oswa bilding ou epi mete klimatizè nou sou *re-circulate*.
2. Ka gen gwo bri ak anpil pousyè nan blòk imedya ki antoure sit demolisyon an. Pousyè ka flote tou an deyò Zòn Eksplozyon an, tou depann de kondisyon metewolojik yo. Si w ap viv nan zòn " Refij an plas" la (ki parèt pi wo a an jòn), nou ankouraje ou rete andedan kay, espesyalman si w soufri ak maladi respiratwa ke pousyè ka aggrave.

Efondreman trajik Champlain Towers South la te pwofondman afekte Surfside ak tout kominote Miami-Dade la. Nou rekonesan pou tout sipò ak konsiderasyon ou apre trajedi sa a.

Si w gen nenpòt kesyon, tanpri rele Ling Dirèk Dijans Champlain Towers nan: 833-930-3701.